
NYC Mayor's Office of Immigrant Affairs

# Yoon yi aju ci Dëkku làqqukaay ci NYC



Sànwiye 2025

Wolof

## Buumu jokkoo bu MOIA buy taxawu doxandeem yi ci wàllu yoon

# Wooteel ci 1-800-354-0365

**Dale ko Altine ba Àjjuma, juróom ñeent waxtu ci suba ba juróom benn waxtu ci ngoon**

**Firi làkk jàppandina ci làkk wi nga taamu**

Ngir am ci sutura ay ndimbal ci wàllu yoon te doo fey dara, doxandeem yi nekk New York mën nañu woote ci buumu jokkoo bu Biro Meeri buy taxawu Mbiri Doxandeem (Mayor's Office of Immigrant Affairs, MOIA) buy taxawu doxandeem yi ci wàllu yoon (Immigration Legal Support hotline).

## Buumu jokkoo bu NYC ci bes bu ne ak waxtu bu ne

# Wooteel ci 311

**Waxal "Immigration"**

**Firi làkk jàppandina**

Yoon yi aju ci mbiru doxandeem lu jafe la. Moytul ñiy naxaate ci wàllu yoon yi aju ci mbiri doxandeem yi wala defkatu njuuc-njaac yi la mëna nax.

**Bàyyi ci xel:** Noteer buy ligeeyee nguur gi bu nekkul awokaa bu am ndigal mënu la bind wala jébbal sa kayiti doxandeem ci sa tur. Mënu ñu la tamit xelal ci wàllu yoon.

---

Mayor's Office of Immigrant Affairs

Téere biile xibaar yi ñépp xam rekk lay joxe. Du ay xelal ci wàllu yoon. Seetal ab awokaa ngir ay xelal ci wàllu yoon.

**New York dafa fonk dundu képp ku nekk ci New york. Xoolu nu sa nekkinu doxandeem, danu bëgg nga am jàmm boo nekkee fii.**





Téere biile xibaar yi ñépp xam rekk lay joxe.
Du ay xelal ci wàllu yoon. Seetal ab awokaa ngir ay xelal ci wàllu yoon.

# Lan la “Dëkku làqqukaay” di tekki?



New York City “Dëkku laqqukaay” ci wàllu mbiri doxandeem.

Yoon yi aju ci dëkku làqqukaay yu New York City dafay tënk ay mën-mënu New York City ci sàmmoo ak yoon yi Réew yu booloo yu Amerig tërël ci wàllu doxandeem.

Yoon yi aju ci dëkku làqqukaay yu New York City tekkiwul ni nak du nu genne kenn New York.

Nañ la ma yoon yu New York City mëna aare?



Sunu yoonu làqqukaay dafay jiital kaarànge nit ñi, doxalin wu jaar yoon, ak koolute ki kaw yoon yi aju ci yoon yi Réew yu booloo yu Amerig tërël ci wàllu doxandeem.

**Dëkk bi am na ay yoon yu ñu tëral ngir aar say mbiru bopp.**

Soo amee ab laaj bu jëm ci naka la ab waa asaans di jëfandikoo say xibaar, mën nga leen ko laaj.

**New York dañu wutal bépp asaans bu fi nekk fu muy yem** ànd ak sàmmoo anam yu ñu mëna jëfandikoo ay moomeelu New York City, ay waxtoom, ak ay jumtukaayam ngir ay jàppandal ci mbiri yoon yi Réew yu booloo yu Amerig tërël ci wàllu doxandeem.

**Nañ laay mëna aare sama bopp?**

1 **Defaral sa palaaŋ njaboot.**

**Tànnal kenn kooy jokkool ci jamonoy jafe-jafe te nga jàpp nimero telefonam**. Kenn ki ngay jokkool ci jamonoy jafe-jafe mën na nekk nit koo am koolute ci moom – kenn ci sa waa-kër, xarit, njiitu askan, wala ab awokaa.

**Ràññeel say kayit** te nga deñc leen ci barab bu baax ndax say mbokk mën cee jot ci jamonoy jafe-jafe.

**Tànnal ab wattukat bu jàppandi: koo am koolute ndax mu mëna toppatoo sa doom saa bula yoon tegee loxo**. Wattukat yu jàppandi yi am nañu sañ-sañu jël ay dogal yu am solo ci xale yi ñu yore, yu ci melni dogal yu am solo ci wàllu pajum xale ak dogal ci fi xale bi wara jàngee.



Téere biile xibaar yi ñépp xam rekk lay joxe.
Du ay xelal ci wàllu yoon. Seetal ab awokaa ngir ay xelal ci wàllu yoon.

2 Moytul dugg ci jafe-jafe ak kilifay nguur gi

3 Bul dugg ci benn jëfu ñaawtéef.

## Buumu jokkoo bu MOIA buy taxawu doxandeem yi ci wàllu yoon

## Wooteel ci 1-800-354-0365

### Dale ko Altine ba Àjjuma, juróom ñeent waxtu ci suba ba juróom benn waxtu ci ngoon

Firi làkk jàppandina ci làkk wi nga taamu

Ngir am ci sutura ay ndimbal ci wàllu yoon te doo fey dara, doxandeem yi nekk New York mën nañu woote ci buumu jokkoo bu MOIA buy taxawu doxandeem yi ci wàllu yoon.

## Buumu jokkoo bu NYC ci bes bu ne ak waxtu bu ne

## Wooteel ci 311

### Waxal “Immigration”

Firi làkk jàppandina



Téere biile xibaar yi ñépp xam rekk lay joxe.
Du ay xelal ci wàllu yoon. Seetal ab awokaa ngir ay xelal ci wàllu yoon.

## Ñu bàyyi ci xel:

**www.nyc.gov/immigrants**